



Aprantisaj ak amizman pandan ete

Chè fanmi ak estaf,

Ete se yon moman detant—epi gras ak pwogram [Summer Rising](#), li se tou yon moman pou aprantisaj ak amizman. Nan tout vil la, elèv ap fè koneksyon sosyal, devlope onivo akademik ak eksplòre vil yo a anmenm tan. Mwen ka temwaye sa ak konfime sa pèsònèlman apre mwen fin vizite MS 210 nan Queens premye jou pwogram lan—enèji a te gen elektisite.

Summer Rising, ke nou òganize nan kolaborasyon avèk depatman jenès ak devlopman kominote (Department of Youth and Community Development, DYCD), diferan ak lekòl ete tradisyonèl. Nan yon semèn Summer Rising tipik, elèv yo fè eksperyans:

- **Akademik solid:** Nan maten, elèv yo travay sou konpetans yo nan matematik ak literacy, yo resevwa bonjan kalite enstriksyon dirèkteman nan men pwofesè NYCPS nou yo. Sa enpòtan anpil pou redui "glisad ete" (summer slide) (ki se lè elèv bliye pandan ete a sa yo te deja konnen) epi asire elèv nou yo pre pou retounen lekòl an septanm. (Nan menm ide a, sistèm bibliyotèk Vil Nouyòk gen yon seri bonjan [aktivite yo ofri pandan ete a](#) pou elèv ak fanmi—Mwen ankouraje w tcheke yo!)

- **Pwogram ranfòsman pratik ak eksplorasyon:** Nan apremidi ak jou vandredi, elèv yo patisipe nan aktivite soti nan espò ak art rive nan sèvis kominotè, ke òganizasyon kominotè (CBO) yo òganize. Ane sa a, nan pwomnad yo gen vizit kolèj, pwomnad nan mize, aktivite espò (tankou yon pwomnad nan katye jeneral MLB), ak entegrasyon pwofon nan anviwònman endistri (apati yon vizit nan koulis SummerStage Central Park pou aprantisaj sou iminoloji nan Pfizer). Nou ajoute tou yon nouvo konsantrasyon sou eksplorasyon karyè ak sou domèn STEM pou patisipan lekòl presegondè nou yo, ke nou rele, Explore lavni (Exploring Futures).
- **Aprantisaj sosyo-emosyonèl:** Ete sa a, n ap ogmante konsantrasyon nou sou prizkonsyans; lokal Summer Rising yo te resevwa yon gid yoga ak prizkonsyans pou yo itilize pandan tout ete a, epi plis pase 300 salklas te patisipe nan yon sesyon yoga ak respirasyon konsyan ki te difize andirèk nan kòmansman mwa sa a (avèk yon chans pou yon lòt nan mwa out). CBO yo te fè tou aprantisaj sosyoemosyonèl kòm yon pati nan aktivite ranfòsman yo.
- **Sante fizik ak nitrisyon:** Elèv yo pa sèlman angaje nan mouvman fizik atravè espò ak jwèt, men tou yo resevwa manje maten, manje midi ak snack nourisan chak jou. Anplis, elèv ki p ap patisipe nan Summer Rising ka toujou gen aksè nan [pwogram manje ete](#) nou an epi, si yo elijib, nan [Summer EBT](#).

Nou nan mwatye wout pou Summer Rising, epi mwen vle remèsye tout moun ki te fè l yon siksè jiska prezan: estaf devwe nou an pou gwo travay yo nan fè pwogram lan mache byen dous, ak fanmi nou yo, pou konfyans yo fè nou avèk timoun yo pandan mwa ete sa yo. Mèsi nou tout, epi pwofite rès ete a!

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Video aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).